

ANDREW M. CUOMO, Gouvènè

Si ou paka travay paske ou gen yon maladi oubyen yon blesi ki pa gen relasyon avek travay ou, ou ka jwenn benefis moun andikape.

1. La lwa egzige ke anploye ou peye benefis moun andikape.
2. Moun ki gen stati andikape dwe resevwa benefis pou andikap (endomajman) oubyen maladi (tankou andikap ke grosès lakoz) komanse nan 8èm jou andikap lan. Benefis yo dwe peye jiska 26 semèn. Total lajan pou fanmi ak andikap depasman yon anploye ka pran nan yon peryod 52 semèn youn apre lot pa dwe depase 26 semèn. Benefis yo peye depann de pèman mwayèn pa semèn pou 8 semèn imedyatman avan ou te andikape, e sujè a pi gro pèman ke la lwa mande ki komanse nan premye jou andikap lan. Anploye ou oubyen "union" ka ba ou diferan benefis ki o mwen ka favorab menm jan ak stati benefis ke ou ka jwenn nan yon plan benefis pou endikape oubyen ako.
3. Pou mande benefis ou sipoze ranpli yon remak pou fen konnen, e prouve ke ou andikape (demand Fom DB-450) avek anploye ou oubyen ak non responsab asirans ki ekri anba an nan 30 premye jou ke ou andikape an, sinon yo ka rejte tout oubyen pati nan demand ou an. O ka ou, ou oblige depase 26 semèn ke yo ba ou pou ou ranpli demand lan. Ou bezwen jwenn yon fom DB-450 nan men anployè, responsab asirans lan, antite ki founi ou swen sante, oubyen kontakte "Worker's Compensation Board". (adrès ak nimerò telefon lan ekri anba an). **Pa panse** ke anploye ou ap ranpli fom nan pou ou. **Se responsabite'w pou'w ranpli demand ou.**
4. Ou gen dwa pou'w fè doktè tretew, chiropraktè, dantis, infimiyè-fanm chay, podolog, oubyen sikolog ke ou chwazi. Diferaman de konpansasyon anploye, se pa anploye ou oubyen responsab asirans lan ki ap peye pèman medical ou, Selman si anploye ak, oubyen "union" dispoze de pèman medical ou nan yon ako oubyen yon plan ki aksepte sou benefis moun andikape.
5. Responsab asirans lan dwe peye ou benefis moun endikape yo **direkteman, anploye'w pa dwe peye'w li**, Selman si se li ki gere asirans pou prop tèt pa'l.
6. **Si anploye'w oubyen responsab asirans lan kontredi dwa ak pèman benefis moun andikape an, yo sipoze voye yon remak ki di ke yo rejte'l, e yo gen 45 jou pou apre ou fè demand lan pou yo fè sa, ak tout rezon poukisa ou pap touche. Si'w pa dako ak rejeksyon an, ou gen dwa legal pou'w mande "worker's compensation board" lan yon revizyon de rejeksyon an. Impotan!!** Si 45 jou pase, ou pa jwenn benefis demand lan oubyen not rejeksyon ke yo voye ba ou(Form DB-451) Imedyatman kontakte "worker's compensation board" lan nan nimerò telefon ki ekri anba an.
7. **Si andikap ou se rezilta aksidan machin**, e ou ranpli demand benefis ke ou pa an to, ou sipoze ranpli fom demand (Fom DB-450) pou benefis moun endikape. **Si'w pa ranpli benefis moun andikape, asirè san fot lan ka redwi pèman ou te dwe touché. Impotan!** Nan ka sa a ou pa dwe jwenn benefis moun endikape, toutswit, fè responsab asirans san fot lan konnen.
8. Anploye'w pa ka mande'w pou'w anile dwa a benefis moun andikape yo e li pa ka retire plis ke 60 santim pa semèn (a mwen ke kontribisyon adisyonel fè pati de plan ki aksepte an) de pèman ou pou kontribye a pèman prim asirans benefis moun andikape. **Yo paka retire'w, oubyen diskrimine kont ou paske ou ranpli yon demand pou benefis moun andikape.**

Si'w gen difikilte pou'w jwenn yon fom demand, oubyen èd pou'w ranpli'l, oubyen ou gen lot kesyon, oubyen problem o sijè de blesi oubyen maladi ki pa an relasyon ak travay ou, kontakte ninpot nan ofis "worker's compensation board" lan.

Infomasyon sa simplifye presantasyon dwa'w jan seksyon 229 de pèman andikape ak pèman depasman fanmi selon la lwa. Responsab asirans anploye ou an pou benefis moun andikape yo se:

**Preskri pa presidan,
Konsèy konpansasyon travayè**

DB-271S(5-19)

Workers' Compensation Board, Disability Benefits Bureau, PO Box 9029, Endicott, NY 13761-9029

Sèvis kliyan: (877) 632-4996 • www.wcb.ny.gov

Ajans sa anploye e sevi moun ki andikape san diskriminasyon.